

# Fason pou Depoze yon Reklamasyon Lanmò

Komisyon Aksidan nan Travay Eta New York la rekonèt bezwen san parèy ak bezwen ijan fanmi ki pèdi yon pwòch akòz blesi oswa maladi nan travay genyen. N ap fè gwo jefò pou nou travay sou reklamasyon lanmò yo epi diminye jefò fanmi ki kontinye viv la ap fè pou li jwenn avantaj asirans dedomajman pou aksidan nan travay la.

Moun ki vivan yo kapab depoze yon reklamasyon lanmò lè yon travayè mouri sibit akòz yon nouvo ensidan. Yo kapab depoze yon reklamasyon lanmò tou lè yo panse yon travayè ki te benefisye avantaj dedomajman pou aksidan nan travay mouri akòz yon ensidan ki rive. Yo dwe depoze reklamasyon lanmò yo nan espas de (2) lane apre lanmò travayè a. Sitiyasyon li ak imigrasyon pa yon pwoblèm, ni kote fanmi ki kontinye viv la rete a.

## Avantaj

Konpayi asirans patwon an genyen ki regle zafè dedomajman pou aksidan nan travay la ap peye avantaj ki pi ba yo lè yo etabli reklamasyon an. Yo kapab remèt yo nan dat lanmò a.

### Frè pou Fineray oswa Memorial

Yo kapab ranbouse frè pou fineray la oswa pou memorial la, selon kote a ak depans reyèl ki fèt yo.

- Jiska \$12,500 nan Vil New York, konte Long Island, konte Westchester ak konte Rockland .
- Jiska \$10,500 nan tout lòt konte Eta New York yo.

### Avantaj Endamnite

Yo kalkile avantaj endamnite a (salè ki pèdi) epi yo peye li selon revni chak semèn lan.

1. Yo etabli salè mwayen chak semèn travayè a pandan 52 semèn anvan yo.
2. Avantaj la se  $\frac{2}{3}$  nan montan sa a, san taks, rive jis nan avantaj maksimòm ki an vigè nan jou lanmò a.

### Elijiblite

Pi souvan, yo bay fanmi yo avantaj endamnite yo konsa:

1. **Mari oswa madanm.** Mari oswa madanm ki marye legalman nan moman lanmò an elijib pou avantaj la pou pou lavi. Si mari oswa madanm lan remarye, avantaj li an ap fini ak yon sèl peman pou de

(2) lane avantaj. Si gen timoun oswa depandan ki elijib, mari oswa madanm lan ap pataje avantaj la ak yo. Mari oswa madanm lan ap benefisye tout avantaj la si timoun yo vin pa elijib akòz laj yo. Mari oswa madanm ki divòse pa elijib.

2. **Timoun ak depandan ki gen andikap, ki avèg oswa lòt depandan yo.** Timoun ki gen jiska 18 lane ak timoun ki gen jiska 23 lane ki se etidyan nan yon etablisman ansèyman siperyè elijib pou yo benefisye avantaj yo. Depandan ki gen andikap, ki avèg ak lòt depandan yo kapab benefisye avantaj yo pou lavi. Moun sa yo ki vivan ap pataje tout montan si pa gen okenn mari oswa madanm. Sinon, yo ap pataje li ak mari oswa madanm lan, jan Lwa sou Dedomajman pou Aksidan nan Travay la presize sa.
3. **Paran travayè a.** Si pa gen okenn mari oswa madanm, timoun oswa depandan, paran travayè a ap resevwa yon peman \$50,000. Si yo divòse, yo ap pataje peman an egalego.
4. **Byen travayè a.** Si okenn nan moun ki vivan pi wo yo pa egziste, siksesyon travayè ki mouri a ap resevwa yon peman \$50,000. Moun ki gen testaman an pral fè pwosesis reklamasyon an.

### Frè Medikal yo

Byenke pa gen okenn avantaj medikal nan yon reklamasyon lanmò, si travayè a te fè yon reklamasyon apa pou blesi li te pran nan travay la, yo ka peye avantaj medikal yo nan reklamasyon sa a.

#### 1YE EGZANP

Salè mwayen travayè a chak semèn se \$1,200

Avantaj endamnite a se \$800 pa semèn

Mari oswa madanm, sèl moun vivan ki elijib la, ap touche \$800 pa semèn pou lavi oswa jiskaske li remarye

Apre li fin remarye, avantaj yo ap fini avèk yon dènye peman pou de (2) lane avantaj (\$83,200 nan egzans sa a)

#### 2YÈM EGZANP

Salè mwayen travayè a chak semèn se \$1,200

Avantaj endamnite a se \$800 pa semèn

Mari oswa madanm lan touche \$440 pa semèn

Timoun lan touche \$360 pa semèn byenke li elijib (repatisyon selon Lwa sou Dedomajman pou Aksidan nan Travay)

Lè timoun lan pa elijib ankò, avantaj mari oswa madanm lan ap ogmante rive \$800 pa semèn pou lavi oswa jiskaske li remarye

## Fòm ki nesesè yo

Reklamasyon lanmò yo itilize ansanm fòm ak dokiman espesifik ki pi ba yo. Lè ou rasanble tout enfòmasyon ki nesesè yo alavans epi lè ou depoze dokiman sa yo ansanm, sa pral ekonomize tan ak jefò pou fanmi ki an dèy yo. Ou dwe ranpli chan ki nesesè yo nan chak fòm.

- *Reklamasyon Dedomajman nan Ka Lanmò (Fòm C-62)*
- *Prè Lanmò Doktè ki te Prezan an Dènye a Bay ki di Moun lan Mouri (Fòm C-64)*
- *Prèv Depans ki fèt pou Antèman, Fineray ak Memoryal Kwòkmò a bay (Fòm C-65)*
- *Afidavi Pou Alokasyon Desè (Fòm AFF-1)*

Fòm sa yo disponib nan ribrik **Travayè** ak/oswa ribrik **Fòm** nan sitwèb Komisyon an ki se, [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

## Dokiman sipò


Dokiman sipò ki nesesè pou reklamasyon an depannde relasyon moun ki vivan yo genyen ak travayè ki mouri a. (Tanpri gade ribrik **Avantaj** la pou konnen si w elijib) Pou reklame avantaj yo, kèk nan bagay sa yo oswa tout ka nesesè:

- Ak desè – Li disponib nan men direktè ponp finèb la
- Batistè travayè a
- Ak maryaj (si li aplikab)
- Ak divòs (si li aplikab)
- Batistè timoun ak/oswa depandan ki elijib yo
- Prèv enskripsyon nan yon enstitisyon ansèyman ki akredite (si li aplikab)
- Lèt ki di yo bay Sekirite Sosyal la (si li aplikab)

Komisyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay Eta New York la pwoteje dwa anplwaye yo ak dwa patwon yo nan asire yo bay avantaj yo kòm sadwa epi nan ankouraje yo respekte lalwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay la, ale sou [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

 [facebook.com/NYSWCB](https://facebook.com/NYSWCB)

 [twitter.com/NYSWorkersComp](https://twitter.com/NYSWorkersComp)

 [instagram.com/nysworkerscompboard](https://instagram.com/nysworkerscompboard)

 [youtube.com/newyorkstateworkerscompensationboard](https://youtube.com/newyorkstateworkerscompensationboard)

 Enskri pou jwenn Notifikasyon WCB yo nan: [wcb.ny.gov/Notify](mailto:wcb.ny.gov/Notify)

## Gen èd ki disponib

Biwo Repezantan Travayè ki Blese yo (The Office of the Advocate for Injured Workers) ede fanmi ki kontinye viv yo jwenn alokasyon pou lanmò nan kad dedomajman pou aksidan nan travay. Si w resevwa pil fòm yo nan men biwo repezantan an, tanpri retounen fòm ranpli yo nan:

**Adrès Postal Santralize**

**Komisyon Dedomajman nan Travay**

**PO Box 5205**

**Binghamton, NY 13902-5205**

Ou kapab telechaje fòm yo tou sou sitwèb Komisyon an ki se, [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

**Pou jwenn èd nan kad pwosesis  
la, tanpri rele Biwo Repezantan  
Travayè ki Blese yo nan  
(800) 580-6665 oswa voye yon  
imèl nan [AdvInjWkr@wcb.ny.gov](mailto:AdvInjWkr@wcb.ny.gov)**

*Pwosesis sa a ale pi rapid lè fanmi ki kontinye viv ki gen repezantasyon legal yo travay avèk avoka yo pou yo bay enfòmasyon ki pi konplè yo.*